

NJ TRANSITGRID

Pwogram Rezilyans • Bati Pi Fò

Fèy Enfòmasyon sou Avantaj Pwojè a | Jen 2019

Kisa Pwojè NJ TRANSITGRID la ye?

New Jersey Transit Corporation (NJ TRANSIT) ap pwopozè de (2) pwojè ki ta pral ogmante rezilyans li anpil nan evènman move tan ekstrèm:

- SISTÈM ENÈJI TRAKSYON NJ TRANSITGRID, yon premye-rezo ki inik nan fason pa l nan peyi Etazini pou transpò piblik
- SOLISYON GENERASYON DISTRIBIYE, ki ta pral bay yon alimantasyon rezilyans nan plizyè enstalasyon tren ak otobis nan NJ TRANSIT

Administrasyon Federal Transit la (FTA) chwazi pwojè NJ TRANSITGRID la pou yon sibvansyon de \$546 milyon dola (ki gen ladan l 25% ki soti nan fon leta), pou reponn ak Gwo Tanpèt Sandy anba Pwogram Sekou Ijans la. Seleksyon FTA a nan Pwojè ki pwopozè a fè li potansyèlman kalifye pou fon ki disponib dapre Lwa 2013 la sou Sipò pou Sinistre yo nan Dezaz (Pub.L. 113-2)




Prezantasyon Enstalasyon pa Jacobs Engineering

SISTÈM ENÈJI TRAKSYON NJ TRANSITGRID la ta pral bay enèji elektrik ki fyab pou sipòte sèvis nan yon segman debaz nan teritwa sèvis kritik NJ TRANSIT la. Pwojè ki pwopozè a gen ladan l:

- Konstriksyon yon santral elektrik k ap alimante avèk gaz natirèl
- Enstalasyon solè sou plizyè kawo
- Nouvo liy elektrik k ap alimante estasyon tren yo nan Kearny ak nan Vil Jersey, NJ
- Estasyon elektrik ak lòt enfrastrikti ki pou sipòte nouvo enstalasyon an

Enstalasyon prensipal la ap itilize teknoloji gaz natirèl ki konbine, ki gen ladan l generatris ki bay vapè ak rekiperasyon chalè epi yo gon kapasite pou pwodui kouran pou rive jiska 140 megawat (MW). Pwojè a t ap founi yon enfrastrikti elektrik ki fyab pou sipòte nesosite kouran imedya ak alontèm pou transpò piblik nan zòn sèvis prensipal la. Pandan tanpèt yo, oswa nan lòt moman kote rezo komèsyal la ta konpwomèt, yon sèvis limite ap bay sou liy ray (tren) sa yo:

- Northeast Corridor from Penn Station, NY to New Brunswick, NJ
- Morris & Essex Line from Hoboken Terminal to Maplewood, NJ
- Hudson-Bergen Light Rail from North Bergen to Bayonne, NJ



Plis Enèji Rezilyan = Plis Sèvis Tren ki Fyab

Sèvis ray (tren) nan New Jersey a vilnerab ak pann kouran sou rezo komèsyal la, ki rive pi souvan akòz nati sistèm distribisyon santralize ki te la deja ak ogmante entansite nan evènman move tan. An 2012, Gwo Tanpèt Sandy te lakoz gwo pann kouran (blakawout) generalize ak pwolonje ki te afekte sèvis ray NJ TRANSIT la pandan prèske yon semenn ki te vin mete an kesyon atant anvan yo epi rezistans sistèm elektrik la. Sa ki te lakoz 8 milyon kliyan te nan blakawout sou kot lès la ak apeprè 2.6 milyon kliyan sèvis piblik rejyonal la pandan yon peryòd 15 jou (avèk kèk pann ki te dire pi lontan) epi ki te lakoz yon dega ki te evalye ak 50 milya ak menm pi gran enpak sou ekonomi an. Nan zòn pwojè a pandan Gwo Tanpèt Sandy, kliyan PSE&G yo te nan blakawout pandan 8 jou. Pwojè NJ TRANSITGRID ki pwopozè a ap:

- Bay yon kouran ki estab ak fyab pou pèmèt transpò piblik ki asire ak fyab pandan pann rezo komèsyal la ak lòt ijans yo
- Minimize deranjman nan mendèv rejyonal la ak ekonomi
- Bay yon sous enèji ki pi pwòp ak pi efikas

Avantaj Pwojè Rejyonal yo

- TRANSITGRID NJ t ap asire ke pandan kondisyon ijans yo, lè rezo elektrik komèsyal la pa fonksyone nan kapasite l, NJ TRANSIT kapab kontinye bay sèvis tren ki fyab pou anpil kominote lokal ki nan zòn pwojè a, pou pèmèt rezidan yo vwayaje al travay, lekòl, e nan lòt kote ki esansyèl ki ta otreman pa aksesib pandan yon pann nan rezo komèsyal yo.
- TRANSITGRID NJ ap pèmèt NJ TRANSIT kontinye bay transpò san danje epi ki fyab pou evakye piblik la ak pou se premye sekouris pou vin ede nan moman ijans yo.
- Lè yo kontinye bay sèvis transpò piblik pandan kondisyon ijans yo, pasajè yo pa p bezwen sèvi ak machin yo k ap bay mwens blokis sou wout yo.
- Pwojè a ta pral kreye opòtinite travay atanplen nan Sant operasyon Prensipal yo, nan antretyen ak sèvis oksilyè.

Plis enfòmasyon disponib sou
[http://njtransitresilienceprogram.com/
nj-transitgrid-overview/](http://njtransitresilienceprogram.com/nj-transitgrid-overview/)

Avantaj pou Anviwònman

- Yon sit endistriyèl vid ki te inaktif pandan 40 lane ap retounen pou itilizasyon ki itil. Konstriksyon etablisman an t ap itilize yon pwopriyete ki limite otreman nan itilizasyon epi pèmèt zòn sa yon lòt fwa ankò sèvi yon objektif pwodiktif pandan y ap bay yon pi gwo avantaj piblik.
- Sit ki pwopoze a genyen kounye a marekaj ki degradé ak izole kote apeprè de kawo tè ta ranpli pou konstriksyon an. Pou konpanse pou pèt marekaj sa yo, yon pi gwo zòn imid nan Meadowlands ap retabli atravè mitigasyon, amelyorasyon ekolojik fonksyon ak valè. Mezi atenyasyon ki jwenn yo t ap soutni espès zwazo k ap imigre nan Meadowlands atravè migrasyon Atlantik pou yo manje, abrite yo epi repwodui.
- Devlopman sit san vejetasyon an ta pral elimine pousyè ak risk ewozyon nan larivyè Hackensack la yon fwa Etablisman Prensipal la fin bati.



Eta Teknoloji Atizay pou Minimize Enpak yo

Enstalasyon prensipal la ta pral itilize yon varyete teknoloji fleksib pou jenere ak estoke enèji epi diminye emisyon lè ki gen ladan l teknoloji ki degaje konbisyon ak teknoloji ki pa konbisyon tankou volan ak panno solè.

Sistèm antipolisyon nan pwent teknoloji a ta pral itilize pou kenbe epi kontwole kalite lè a. Kontwòl emisyon yo t ap respekte oswa depase estanda endistri a.

Pandan ke teknoloji ki degaje konbisyon yo pwodui CO2, premye rezo a ta pral kapab pwodwi enèji nan pi gwo efikasite konpare ak enstalasyon ki te deja egziste yo ki kounye a sèvi rezo pou transpò piblik la.

Pandan kondisyon ijans yo, disponiblite transpò piblik la ap diminye bezwen pou mòd transpò ki mwens efikas, sa ki ka lakòz rediksyon nan emisyon gaz a efè sèr Greenhouse (GhG) pandan peryòd sa yo. Anplis de sa, aktif dinamize koridò pwojè a pa t ap sèvi ak elektrisite nan rezo komèsyal la ankò, sa k ap diminye demann komèsyal ak potansyèlman konpansasyon kèk emisyon GhG adisyonèl.

Kontak Pwojè a

Nick Marton

Manadjè Pwojè NJ TRANSITGRID
New Jersey Transit
One Penn Plaza, Newark, NJ 07105
NMarton@njtransit.com

John Geitner

Direktè Prensipal - Anviwònman, Enèji & Devlopman Dirab
New Jersey Transit
One Penn Plaza, Newark, NJ 07105
JGeitner@njtransit.com